


Yon Gid pou Fanmi sou Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo

Lide ki dèyè bwochi sa a se pou nou fè w konprann pi byen kisa Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo a, oswa « MTSS » la ye, kijan li ka ede timoun ou an epi kijan nou menm antanke fanmi, kapab bay timoun nou yo plis sipò nan fason y ap aprann.

Kisa MTSS ye?


Yon MTSS se dabò yon bagay ki la pou ede elèv yo. Sa vle di, yon MTSS se yon fason pou distri yo ak lekòl yo òganize epi bay elèv yo edikasyon epi asire yo pou yo resevwa nivo enstriksyon ki nesesè pou yo reyisi. Lè lekòl yo ap fonksyone tankou yon MTSS, lekòl yo rekonèt bezwen elèv yo varye, kidonk pi bon fason pou yo ede yo reyisi se ba yo yon enstriksyon ki adapte ak bezwen sa yo. Nan kad yon MTSS, edikatè yo pral gide pwogrè elèv yo, yo pral travay pou yo asire yo tout elèv resevwa yon ansèyman ki efikas, epi pou yo bay chak gress elèv sipò li merite a oswa pou yo bay yon sipò ki pi byen konsantre l sou elèv la, lè sa nesesè.

MTSS Pou Tout Elèv




Kisa ansèyman pa nivo a ye epi kijan li kapab ede timoun mwen an?

Nou kapab dekri yon ansèyman ak plizyè nivo tankou yon sipò ki gen plizyè pati ladan l ki disponib pou chak elèv. Pou anpil elèv, ansèyman yo resevwa chak jou nan klas la sifi pou yo rive satisfè atant ki genyen pou nivo klas yo. Sepandan, menm jan ak nenpòt moun ki ap aprann yon nouvo konpetans oswa konsèp, gen kèk elèv ki kapab bezwen plis sipò pou yo reyisi. Se pou rezon sa a, lekòl yo fè planifikasyon pou bay plis sipò epi yo pare pou sa, selon bezwen elèv yo, lè yo bezwen sa a.



Tèm **Nivo 1** an fè referans ak sa yo bay tout elèv, epi ak sa yo anseye tout elèv ki nan yon sal klas, yon nivo eskolè, oswa yon kou pandan jounen lekòl la. Pa egzanp, ansèyman yo bay tout elèv ki nan 4yèm ane oswa ansèyman yo bay tout elèv ki nan kou Aljèb 1, yo konsidere sa tankou "Nivo 1". Lekòl yo tabli epi planifie yon Nivo 1 gwo kalite, pandan yo espere se ap sa tout elèv yo bezwen yon fason pou montre yo metrize atant nivo eskolè yo.

Menm lè yo ta resevwa yon ansèyman Nivo 1 ki efikas, kèk elèv pral bezwen yon sipò anplis pou yo rive metrize estanda nivo klas yo. Yo rele sipò anplis sa a entèvansyon "Nivo 2" ak "Nivo 3". Nòmalman, lè ansèyman Nivo 1 an konble bezwen pifò elèv yo, se sèlman kèk elèv ki ap bezwen entèvansyon Nivo 2 a, epi se menm pi piti toujou ki ap bezwen entèvansyon Nivo 3 a pou reponn atant nivo eskolè yo. Si pitit ou a ap resevwa entèvansyon ak plizyè nivo nan moman an, sa tou senpleman vle di li nesesè pou li resevwa plis èd pou li rive byen resevwa konesans oswa konpetans y ap aprann li yo.



An jeneral, yo òganize entèvansyon **Nivo 2** yo nan yon domèn konpetans epi yo anseye li nan ti gwoup elèv pandan yo ap siveye pwogrè yo tank tan ap pase. Yo toujou bay sipò Nivo 2 yo pou ajoute sou Nivo 1 an, epi toutotan sa nesesè pou elèv yo atenn epi rete sou chemen ki montre yo metrize atant nivo eskolè yo.



Entèvansyon **Nivo 3** yo reprezante nivo ki pi entansif nan sipò sou plizyè nivo yo epi, nan pifò ka, yo bay yo lè Nivo 1 ak Nivo 2 yo pa sifi pou pèmèt yon elèv rive metrize atant nivo eskolè yo. Yo prevwa sipò sa yo pou chak elèv epi, byen souvan, yo base sou rezulta evalyasyon anplis yo ki idantifie pwen fò ak pwen fèb elèv la.

Menm lè nivo sipò yo gen kòm objektif pou yo pèmèt elèv yo reyisi, ekip ki nan lekòl yo kapab detèmine si yon timoun bezwen sipò Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE) anplis pou li reponn ak atant ki genyen pou nivo klas li a. Elèv ki kalifye pou ESE yo resevwa yon ansèyman ki fèt espesyalman pou yo atravè, epi ki fè pati, menm sistèm ansèyman sou plizyè nivo sa a. Sèvis ESE yo pa separe ni yo pa yon bagay yo fè "anplis" pou ajoute sou sipò ak plizyè nivo yo.

Ki fason lekòl la deside ki bezwen timoun mwen an genyen?

Lekòl yo antre nan yon demach pou yo rezoud pwoblèm ki chita sou done yo jwenn, yon fason pou yo asire yo ansèyman ak sipò yo ofri yo koresponn ak bezwen elèv yo. Kidonk, lekòl oswa ekip pwofesè yo itilize done pou idantifye problèm yo, konprann poukisa pwoblèm sa yo egziste, devlope epi mete yon plan ansèyman oswa entèvansyon sou pye, epi siveye pwogrè k ap fèt yo pou wè si elèv yo fè plis efò oswa si yo dwe fè kèk ajisteman anplis. Done yo itilize pou yo rezoud pwoblèm yo sòti nan divès sous (pa egzanp, FAST, prezans, referans ki sòti nan biwo disiplin yo, evalyasyon dyagnostik) Yo itilize demach pou rezoud pwoblèm ki chita sou done pou idantifye kisa elèv yo bezwen kòm sipò nan gwo gwoup (Nivo 1), ti gwoup (Nivo 2) epi pou yon elèv (Nivo 3).

Ki wòl mwen jwe?

Fanmi yo jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon yon timoun. Lè lekòl yo ak fanmi yo kolabore ansanm pou yo bay elèv k ap aprann yo sipò, sa ogmante rezulta elèv yo. Timoun ou an mèt reponn atant ki genyen pou nivo klas li a, kit l ap travay nan yon pwogram akselere, oswa l ap resevwa sipò anplis, lè ou konprann MTSS la nan lekòl pitit ou a, sa bay plis avantaj.

Ak kisa MTSS sanble pou mwen ak pou timoun mwen an?

Malgre MTSS ap parèt differan nan yon lekòl oswa yon lòt, gen plizyè eleman komen ou pral gen anpil chans pou w wè nan tout lekòl yo. Yo gen ladan yo:

- Kominikasyon regilyèman sou pwogrè timoun ou an ap fè nan lekòl la
- Enfòmasyon sou fason ou kapab ede timoun ou an aprann pandan li nan kay la
- Notifikasyon si timoun ou an bezwen plis sipò, tankou rezon ki fè sipò sa yo nesesè epi ki kalite sipò yo ap ba li
- Si timoun ou an ap resevwa plis sipò, n ap kominike avèk ou souvan pou di w si timoun nan travay pi byen pou reyisi, epi ki etap nou ap pran annapre

Ki kesyon mwen kapab poze lekòl timoun mwen an pou aprann plis?

Kit ou pale ak pwofesè pitit ou a, ak responsab klas la oswa ak lòt pèsonèl nan lekòl la ki bay sipò, bon fason pou w aprann plis sou MTSS nan lekòl pitit ou a se lè w poze kesyon. Men kèk egzanp kesyon ou ka kòmanse poze yo:

- Èske pitit mwen an reponn atant akademik ak konpòmantal yo? Kijan nou fè konnen?
- Si sa nesesè pou gen plis ansèyman oswa entèvansyon, ki kalite sipò yo ap bay timoun mwen an?
- Konbyen fwa m ap gen nouvèl konsènan pwogrè timoun mwen an?
- Kisa m kapab fè pou ede timoun mwen an nan kay la?


Resous/Enfòmasyon Anplis

Pwojè pou Rezoud Pwoblèm/Repons nan kad Entèvansyon Florida (<https://floridarti.usf.edu>)

Yon Gid pou Paran pou Rtl – Sant Nasyonal pou Pwoblèm nan Aprantisaj (<https://www.advocacyinstitute.org/resources/ParentRTIGuide.pdf>)

Rezo Aksyon Rtl – Resous pou Paran yo ak Fanmi yo (<http://www.rtinetwork.org/parents-a-families>)

Pwojè Entèvansyon ak Sipò sou Konpòtman Pozitif Florida (<https://flpbis.cbcs.usf.edu>)



Yon Gid pou Fanmi sou Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo